

KALANDRIYE Aktivite yo

MPO	BAC	BCCB	CIR	TCC
Jiyè				
Jedi 14 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 13 6:30 diswa Sal 329 F	Pa gen reyinyon	Jedi 13* 4:00 apremidi	Pa gen reyinyon
Out				
Pa gen reyinyon	Mèkredi 10 6:30 diswa Sal 329 F	Pa gen reyinyon	Pa gen reyinyon	Lendi 22 2:00 apremidi Sal 302
Septanm				
Jedi 8 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 14 6:30 diswa Sal 329 F	Lendi 19 2:00 apremidi Sal 422	Madi 6 6:00 diswa Sal 430	Lendi 26 2:00 apremidi Sal 302
Oktòb				
Jedi 6 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 12 6:30 diswa Sal 329 F	Pa gen reyinyon	Madi 4 6:00 diswa Sal 430	Lendi 24 2:00 apremidi Sal 302

Tout reyinyon yo pral fèt nan adrès sa a: **Governmental Center, 115 S. Andrews Avenue, Fort Lauderdale. Piblik la envite.**

*Reyinyon an pral fèt nan Biwo administratif Tri-Rail yo.

Akwonim	
AAADT Annual Average Daily Traffic Counts	DCA Department of Community Affairs
APR Annual Performance Report	DPEP Department of Planning and Environmental Protection
APTA American Public Transit Association	DRI Development of Regional Impact
BAC Bicycle Advisory Committee	EIS Environmental Impact Statement
BCCB Broward County Coordinating Board	EPA Environmental Protection Agency
BCT Broward County Transit	FAA Federal Aviation Authority
BLC Broward League of Cities	FAC Florida Administrative Code
BUS Broward Urban Shuttle	FCTD Florida Commission Transportation Disadvantaged
CAAA Clean Air Act Amendment	FDOT Florida Department of Transportation
CBD Central Business District	FHWA Federal Highway Administration
CMA Congestion Management	FS Florida Statute
CIR Community Involvement Roundtable	FTA Federal Transit Administration
CMAQ Congestion Mitigation and Air Quality	FY Fiscal Year
CMS Congestion Management System	GIS Geographic Information System
CTC Community Transportation Coordinator	MPO Metropolitan Planning Organization
	TCC Technical Coordinating Committee


Pou plis enfòmasyon, gade nan:

www.broward.org/mpo

Pou plis enfòmasyon sou jan ou kapab vin yon manm nan Komite pou Kowòdinasyon Teknik la, oswa nan Tab Wonn pou Patipasyon nan Kominote a, rele nan nimewo 954-357-6608.

Ou kapab mande piblikasyon sa a nan foma an gwo lèt, oswa sou kasèt odyo, oswa enprime an karaktè bray.

Pou pibliye dokiman sa a pou rezidan yo, sa te koute \$1,400, sa ki vle di \$.467 pou chak kopi, an kontan lajan lapòs, pou bay enfòmasyon sou sèvis ak pwogram nan Broward County MPO yo.



CHIMEN DEKOUPÉ

VOLIM 10, Nimewo 9

Dezyèm Trimès 2005

MPO BROWARD COUNTY A AP PALE AK LIDÈ OPINYON YO NAN YON NOUVO SERI CHITA MANJE ANSANM POU APRANN



Roger Del Rio, Direktè Tanporè MPO Broward County a, ap reponn kesyon moun ki vin chita manje ansanm yo poze.

Metropolitan Planning Organization [Òganizasyon pou Planifikasyon Metwopoliten] nan Broward County a te òganize yon seri aktivite ki te gen 4 chita Manje Ansanm pou Aprann [Lunch N'Learn] nan tout Broward County. MPO te envite plizyè lidè opinyon nan Broward, tankou komisyonè, majistra, anplwaye Konte ak Vil la, chèf òganizasyon kiltirèl ak kominotè, epi mèt biznis ki nan zòn lan.

Aktivite Lunch N'Learn yo te fèt yon jan pou pèmèt yon prezantasyon PowerPoint 30 minit sou sa MPO konn fè, ansanm ak esplikasyon sou metòd planifikasyon transpò a, ak sou jan yo entegre sa moun nan kominote a di yo vle nan planifikasyon an. Te gen ekspè MPO Broward County a ki te la, pou reponn kesyon moun ki te vini yo te vle poze apre chak nan aktivite yo.

Aktivite 1 FAU Campus - 3 me 2005

Aktivite 2 NW Regional Library - 10 me 2005

Aktivite 3 South Regional Library - 17 me 2005

Aktivite 4 Broward County Main Library - 24 me 2005

Yo te mete yon tab gani ki te gen manje, sa ki te yon bèl okazyon pou anplwaye MPO yo pale ak moun ki te vini yo, je nan je. Gen anpil repons yo te bay sou òganizasyon piblik ak òganizasyon prive, epi sou jan yo kapab amelyore mwayen transpò yo avèk sa yo di epi sa yo kwè ki dwe fèt.

Pou plis enfòmasyon sou seri aktivite sa yo, gade nan adrès entènèt www.broward.org/mpo.



Lidè opinyon tankou komisè, majistra, chèf gwoup kiltirèl, mèt biznis, epi anplwaye Konte ak Vil la te vin chita Manje Ansanm pou Aprann [Lunch N'Learn].

Nan nimewo sa a ...

- Festival Ispanik 2005
- Jounen MPO nan tout Eta a
- Aktivite nan Festival Sistrunk 2005 la: Enfòmasyon sou Manje, Amizman ak Transpò
- Pwogram Mache Kontre ak Elèv nan Klas Elemantè
- MPO ap Patipise nan 4yèm Festival Anyèl pou Divèsite nan Robins Open Space Park
- Jounen Latè POW W.O.W

Transportation Planning Division
115 S. Andrews Avenue, Room 329H
Fort Lauderdale, FL 33301



PRSRST STD
US POSTAGE
PAID
FT. LAUDERDALE, FL
PERMIT #5450

"METE L NAN LARI A"



Festival Ispanik 2005

Festival Ispanik 2005 la te fèt 17 avril 2005 nan Hollywood, epi MPO Broward County a te mennen anplwaye ki pale panyòl ak angle pou koze ak moun nan kominote a epi pou fè yo konnen kisa MPO ap fè.

Kòm yo te pataje bilten nouvl ak kesyonè ki gen 2 lang bay moun, anplwaye MPO yo te pèmèt kominote a patisipe nan planifikasyon transpò. Kesyonè a te pote bon jan enfòmasyon sou sa moun wè ki enpòtan nan zafè transpò.

Pandan aktivite sa a, anplwaye MPO yo ranmase 167 kesyonè. Twa kesyon ki te pi enpòtan pou moun ki reponn kesyonè a, se anbouteyaj nan sikilasyon, transpò kolektif, ak sekirite. Nan moun ki reponn yo, 53 pousan di prezantasyon an te ede yo aprann plis bagay sou MPO.

Anplwaye MPO yo te pale ak kominote a sou amelyorasyon k ap fèt kounye a epi ki pral fèt pi ta, epi yo te konsantre sou sa ki enpòtan nan istwa, nan kwasans, ak nan devlopman Broward County. Enfòmasyon yo resevwa nan kesyonè yo ede anplwaye MPO yo devlope plan pou transpò ki reponn bezwen piblik la. Anpil nan patisipan yo te montre enterè pou rejyonalizasyon transpò, ki se youn nan travay MPO ap fè kounye a.



JOUNEN MPO NAN TOUT ETA A

Richard J. Kaplan,
Prezidan MPO
Majistra Kominal,
Vil Lauderdale

Kòm Broward County ap kontinye grandi vit, MPO a jwe yon wòl kritik nan kominote nou an paske li pèmèt rezidan nan Konte a pale avèk moun ki responsab nan lejislati Eta ak lejislati federal yo sou bezwen nan zafè transpò, sa ki garanti lajan taks yo pral afekte nan jan kominote a pi bezwen ak nan sa li vle pi plis. Pou rive nan objektif sa a, MPO a mete anpil enpòtan pou bay egalite nan aksè desizyon sou planifikasyon transpò yo pran, avèk inisyativ pou konnen sa ki moun nan kominote yo vle.

Nan dat 28 avril 2005, MPO nan Broward County a mache kontre ak 26 lòt MPO ki genyen nan

tout Eta a, ansanm ak Depatman Transpò Florid (FDOT) ak lòt patnè pou zafè transpò, pou twazyèm Jounen Anyèl MPO a nan Tallahassee.

Yo òganize Jounen MPO a chak ane nan Capital Courtyard, pou fè lejislati Florid yo konnen wòl MPO, ak pou ede nan desizyon y ap pran nan lejislasyon sou transpò yo.

Rezon prensipal pou òganize aktivite sa a lè sesyon lejislatif la preskefini, se paske gen desizyon k ap pran sou zafè transpò yo pandan tan sa a. Kòm prezidan MPO nan Broward County a, mwen gen anpil plezi aprann nou menm, nan piblik la, òganizasyon nou an pral kontinye reprezante Broward County epi li pral kontinye ankouraje inisyativ ak planifikasyon dapre sa nou bezwen.

Pou plis enfòmasyon nan jan nou kapab patisipe, gade nan adrès entènèt www.broward.org/mpo, oswa kontakte biwo MPO a nan nimewo (954) 357-6608.



MPO a te la, nan Estasyon Mobil Enfòmasyon li yo.

Anpil rezidan te reyini arebò Boulva Sistrunk nan Fort Lauderdale pou gade defile mizisyen yo, ekip egzèsis yo, ak cha degize ki te nan 25yèm Parad Anyèl Sistrunk la. Parad la te fèmen nan Delevoe Park, kote Festival Sistrunk nan Pak la te koumanse. Se pa sèlman anpil amizman an dirèk, ni bon kalite manje, ni yon tralye revandè bèl kalite machandiz ki te la, men te genyen tou MPO Broward County a ki te vin esplike travay l ap fè, epi ki te mennen Estasyon Enfòmasyon Mobil li a (MIS). MPO a te vini pou bay moun ki te la yo yon chans pou yo patisipe nan etap planifikasyon transpò a.

Parad la ak Festival nan Pak la te pran non doktè James Sistrunk, yon doktè avangad nan kominote nwa a. Òganizatè aktivite a te di rezon an se "pou selebre bèl travay Ameriken ki soti nan Afrik ak nan Karayib rive fè tou patou nan kominote Broward

AKTIVITE NAN FESTIVAL SISTRUNK 2005 LA:

Enfòmasyon sou Manje, Amizman ak Transpò

County a". Aktivite sa a te yon pati nan yon semenn festivite ki rele Festival Istorik Sistrunk.

Pou anpil moun, se pa fasil pou ale nan biwo MPO pandan lè travay yo pou di pwoblèm yo genyen ak pou mande enfòmasyon. Kididonk, MPO "Mete mesaj nan lari" nan gichè demonstrasyon an ak nan MIS la. Gichè demonstrasyon an prezante enfòmasyon ki gen rapò ak etap planifikasyon transpò a, epi ak anpil aspè nan enfrastrikti transpò a. MIS la se yon veyikil rekreyasyon yo konvèti, pou fè l sèvi tankou yon biwo enfòmasyon ki deplase sou wou. Gen plizyè moun nan festival la ki te reponn yon kesyonè. Genyen ki fè konpliman pou pwoje transpò ki deja fèt yo, ak pou pwoje k ap fèt kounye a nan zòn North Lauderdale la.

Gen lòt patisipan ki te montre enterè pou solisyon pwoblèm anbouteyaj, ak pou sekirite wout yo, ak pou amelyorasyon transpò.



PWOGRAM MACHE KONTRE AK ELÈV NAN KLAS ELEMANTÈ

Gen yon pwogram pou timoun nan lekòl elemantè yo ki fonde kòm yon nouvo mwayen pou MPO mache kontre ak tout segman ki nan kominote a. Yo te kreye pwogram la an 2004 pou mache kontre ak jenerasyon k ap monte yo, ansanm ak paran epi fanmi yo, pou fè yo konnen kouman yo kapab patisipe nan etap planifikasyon transpò a.

Pwogram Mache Kontre ak Timoun lan [Children's Outreach Program] bati yon jan pou fè timoun yo aprann pandan y ap sèvi avèk yon modil egzèsis kote yo patisipe epi yo kontan. Buddy, ki se yon oto ki mache elektwonikman, travay ak yon operatè pou l fè aksyon ak timoun yo. Timoun yo swiv yon prezantasyon PowerPoint ki gen 2 jwèt sou metòd pou pran desizyon sou yon twotwa pou lekòl la ak pou travay ki genyen nan endistri transpò a, epi yo pran desizyon pou ede Buddy ak 2 zanmi l, ki rele Chic ak Egg. Yo bay chak timoun yon sache ki gen manje midi, epi yo ba yo devwa pou fè lakay yo pou ranfòse sa yo aprann nan pwogram lan.

Yo te lanse Pwogram Pilòt Mache Kontre a an 2004 nan Dillard Elementary. Depi lè sa a, MPO a ale nan



Tout elèv nan Lakeside Elementary School yo renmen Buddy!

6 lekòl ki toupatou nan Broward county, tankou Pembroke Pines, Plantation, Fort Lauderdale, Hollywood, ak Coral Springs, kote te gen 50 elèv nan chak pwogram.

Si w vle plis enfòmasyon sou jan ou kapab patisipe, ou mèt gade nan adrès entènèt www.broward.org/mpo.

MPO AP PATISIPE NAN 4YÈM FESTIVAL ANYÈL POU DIVÈSITE NAN ROBINS OPEN SPACE PARK



Anplwaye MPO yo te la pou reponn kesyon moun ki te patisipe nan yon sondaj sou transpò.

Pandan mwa me sa a, MPO nan Broward County a te patisipe nan 4yèm Festival Anyèl sou Divèsite a nan Davie, ki te òganize pou pran kontak avèk kominote a epi pou fè moun konnen kisa MPO a ap fè. Festival la te fèt nan Robins Open Space Park, kote te genyen gichè ak moun k ap vann nan lonbraj anba pyebwa ki nan pak la. Festival la te genyen anmizman san rete, avèk gwoup mizisyen nan zòn lan, epi demonstrasyon pou aprann karate ak dans vant, epi aktivite pou timoun.

Nan festival la te genyen revandè ki soti nan plizyè kilti, depi Mwayennoryan pou rive jouk Jamayik. Tout revandè yo te bay enfòmasyon itil ak anpil

konesans. Anplwaye MPO yo te la pou reponn kesyon vizitè yo sou zafè transpò kolektif, twotwa pou pyeton, ak chimen pou monte cheval.

Gen anpil vizitè nan gichè MPO a ki te enterese nan yon sistèm ray tren rapid ki ta kouri nan direksyon ès ak wès pou ede rezoud anbouteyaj sou I-95 ak sou Sawgrass Expressway. Vizitè yo te reponn yon kesyonè pou fè konnen sa yo vle, epi yo te pale sou sa tou. MPO a ranmase yon total 57 kesyonè, epi anplwaye yo pale ak plis pase 100 vizitè sou pwoblèm transpò nan tout Broward County.

REKONESANS DEP

Nan dat 14 me 2005, nan Annual Biketown Rally ki te òganize nan Vil Lakeworth la, yo te rekonèt travay MPO ki pèmèt satisfè Estanda Nasyonal pou Kalite Lè nan Anviwonman an (NAAQS) pandan 10 ane ki fenk pase yo, paske MPO te ankouraje epi afekte fon pou pwoje ki redwi move polisyon veyikil yo lage nan lè a. Se konsa Depatman Florid pou Pwoteksyon Anviwonman an te remèt yon Sètifika Apresyasyon bay Roger Del Rio, ki se direktè enterimè MPO nan Broward County a; bay Randy Whitfield, ki se direktè MPO nan Palm Beach County a; epi bay David Henderson, ki te reprezante Jose Mesa, direktè MPO nan Miami-Dade County a.

"METE L NAN LARI A"



Jounen Latè POW W.O.W

Nan dat 23 avril 2005 la, Jounen Latè POW W.O.W ki te fèt ane sa a nan Deerfield Beach te tounen mak fabrik pou aktivite Jounen Latè a nan Broward County. Aktivite ane sa a, ki te fete 35yèm anivèsè Jounen Latè a, se pa te sèlman yon kote rezidan ak vizitè Deerfield Beach yo te vin fete Manman Latè, men li te yon opòtinite tou, pou patisipe nan etap planifikasyon transpò a nan Broward County. Anplwaye MPO nan Broward County yo te la pou reponn kesyon sou planifikasyon transpò yo, epi pou resevwa reyaksyon enpòtan moun ki te vini yo.

Anpil moun nan festival la te vin pare chalè sezon ete a nan gichè enfòmasyon MPO a pandan yo t ap reponn kesyonè sou transpò a, anba tant Estasyon Enfòmasyon Mobil la (MIS). Gen plis pase 110 moun ki te ranpli fòmilè sondaj sou transpò yo.

Anpil patisipan nan festival la se vizitè ki te soti nan konte Sid Florid ki tou pre yo, epi yo te montre yo enterese nan kesyon transpò rejyonal ak transpò pou ale nan travay, tankou amennajman pou bisiklèt ak pou pyeton, Tri-Rail, ak orè otobis. Anbouteyaj nan sikilasyon, se yon kesyon anpil moun te pale tou.